

Ajans Rejyonnal pou Transpò nan Zòn Attleboro Taunton Pwosedi pou Pent dapre Tit 6

Si nenpòt moun kwè gen diskriminasyon oswa vanjans ki fèt kont li menm, oswa kont yon kategori moun, poutèt ras li, koulè li, oswa peyi kote li soti malgre defans ki nan Tit 6 nan Lwa 1964 sou Dwa Sivik la, moun sa a gen dwa depoze yon plent nan Anans Rejyonnal pou Transpò nan Zòn Attleboro Taunton lan (GATRA, ki vle di "Greater Attleboro Taunton Regional Transit Authority"), nan adrès 10 Oak Street, 2nd Floor, Taunton, MA 02780 Attn: Mary Ellen DeFrias, Administrator. Moun k ap pote plent lan gen dwa pote li tou bay Administrasyon Transpò Federal la (Federal Transit Administration), si li vle. Ou dwe depoze plent sa yo anvan 180 jou fran pase, apre dat ou kwè diskriminasyon an te fèt la.

Si GATRA resevwa yon plent nan bouch, kidonk ki pa ekri, pral gen yon solisyon enfòmèl k ap soti nan Sèvis Kliyantèl GATRA a (Customer Service Department).

Sèvis Kliyantèl GATRA a ap kenbe yon fichye ki genyen tout plent li resevwa nan bouch, kidonk ki pa ekri. Fichye a pral genyen enfòmasyon sa yo:

- Non moun ki pote plent lan
- Rezon plent lan (tankou ras, koulè, peyi kote moun lan soti)
- Dat moun lan di zak diskriminasyon an te fèt
- Dat GATRA te resewa plent lan
- Detay sou zak diskriminasyon ki fèt la

Yon moun ki vle pote plent, oubyen reprezantan li, ka depoze yon plent ekri devan GATRA nenpòt lè, anvan san katreven (180) jou pase apre zak diskriminasyon li di ki fèt la.

Tout plent yo dwe genyen enfòmasyon sa yo:

- Non, adrès, ak nimewo telefòn moun k ap pote plent lan
- Non, adrès, nimewo telefòn, ak relasyon ki genyen ant reprezantan an ak moun k ap pote plent lan (si gen ka)
- Rezon plent lan (tankou ras, koulè, peyi kote moun lan soti)
- Dat moun lan di zak diskriminasyon an te fèt
- Detay sou zak diskriminasyon ki fèt la

Lè Administratè a resevwa yon plent ekri, l ap mete yon so ki gen dat la tousuit sou li, epi l ap gade li. Anvan dis (10) jou pase, GATRA ap konfime li resevwa plent lan, epi l ap fè moun ki pote plent lan konnen kisa k ap fèt.

Anvan swasant (60) jou pase, si yo wè moun ki pote plent lan gen rezon, GATRA ap louvri yon ankèt sou sa li di ki pase a pou gade si gen yon rezon pou kwè sa ki lakòz la, se yon vyolasyon Tit 6 nan Lwa 1964 sou Dwa Sivik la, ansanm avèk amannman li. Epi, GATRA ap fè yon rekòmandasyon ekri pou aksyon.

Anvan katreven dis (90) jou fran pase, GATRA ap ekri moun ki depoze plent lan, pou fè li konnen desizyon final yo pran, sa ki vle di tou kisa yo pwopoze pou rezoud pwoblèm lan. Nan notifikasyon sa a, y ap fè moun ki pote plent lan konnen tou dwa li genyen pou depoze yon plent devan Federal Highway Administration (Administrasyon Federal pou Transpò) nan adrès sa:

Civil Rights Officer
Federal Transit Administration – Region 1
55 Broadway
Cambridge, MA 02142

Ajans Rejyonnal pou Transpò nan Zòn Attleboro Taunton
Tit 6 ak Fòmilè pou Pote Plent anrapò ak Règleman li yo

Enfòmasyon pou Kontak			
Non an:			
Adrès:			
Vil:		Eta:	Kòd postal:
Telefòn:		Kourye elektwonnik:	
Plent pou Diskriminasyon			
Dat Aksyon ki Rapòte a:			
Aksyon nan Sèvis la Rive nan dat:			
Ou kwè lakòz diskriminasyon an, se te (fè yon mak kote tout sa ki aplikab):			
	Ras		Andikap
	Koulè		Paske se yon Gason oubyen yon Fi
	Peyi kote moun lan soti (Lang li)		Oryantasyon Seksyèl
	Laj		Kondisyon Familial
	Relijyon		Vanjans
Lòt rezon:			
Deskripsyon Plent lan			
Tanpri, esplike plent ou vle fè a. Mete tout presizyon ou kapab genyen, tankou dat, lè, wout, non temwen, ak tout lòt enfòmasyon ou kwè ki kapab itil. Ou mèt mete tout lòt dokiman ekri ki anrapò avèk plent ou vle pote a.			
Siyati Moun ki Pote Plent lan			
Siyati Moun k ap fè Aplikasyon an:			Dat: